# НУР

6+

ISSN 0207-6551

8
2021



## РЕДАКТОРЫМ И ПСАЛЪЭ

ЦIыкIухэ, гъэмахуэм и иужьрей мазэщ. Ар псынщIэу ежэкIынурэ гъэ еджэгъуэщIэм щIэвдзэжынущ. Илъэс псокIэ фи нэ цIыкIухэр гугъу ехьынущ: феджэу, фытхэу, компьютер фыбгъэдэсу. Дэ сытым хуэдэу дригузавэрэ сабийхэм зи нэ зэIыхьэ куэд къызэрыфхэкIым, кIуэ пэтми нэхъыбэ фызэрыхъум. Хэт и нэм дагъуэ иIэу къалъху, хэт ейр пасэу зэIохьэри нэгъуджэ хуатх, ар сэбэп зыхуэмыхъужхэр операцэ ящI, абыкIи нэр къахуемыгъэлу мы дуней нэху дахэр къызытеункIыфIэ къахокI. Ар гузэвэгъуэшхуэщ! **ЦIыкIухэ, фи телефон джэгухэр вгъэмащIэ! Компьютерхэм куэдрэ фыбгъэдэмыс!**

Мы къыдэкIыгъуэр зэрыщыту дэ зытедухуар фи нэ цIыкIухэрщи, ахэр фхъумэ, тхьэм фэ фыкъихъумэ!

***АБРОКЪУЭ Беллэ***

***(Адэ-анэхэм папщIэ)***

## НЭР ПСЭМ И ГЪУДЖЭЩ!

Ди корреспондент ***КЪАМБОТ Марианнэ*** епсэлъылIащ нэм щеIэзэ ди Iуэхущ IапIэ пэрытхэм ящыщ зым и унафэщI ***КЪАНКЪУЛ Риммэ***.

***Марианнэ: Фи IуэхущIапIэм академик Федоровым и цIэр щхьэ фIаща хъуа?***

***Риммэ:*** ТехнологиещIэхэмкIэ къыззэдгъэпэщыну дигу итлъхьат ди къалэр икIи дэ ар къыдэхъулIауэ нобэ схужыIэнущ. Ар зи фIыщIэр цIыхуищ дохъу: Фёдоровым и гъэсэнхэу ди дохутыр нэхъыщхьэ Къардэн Ларисэ, дохутыр Джабер Наиф Ахьмэд, сэ. Дэ зэдгъэхъулIащ академикыр зыщIэхъуэпсар. ИпэкIэ лъэбакъуэщIэ тчащ.

***М.: – Сыт хуэдэ нэ узыфэхэр нэхъ яIэ фызэIэзэ сабийхэм, сыт ахэр къызыхэкIыр?***

***Р.:*** – Кератоконус, назэ, нэпскъыщIэж узыфэхэр нэхъыбэ хъуащ.

Кератоконусыр – нэджыджыр пIащIэ хъууэрэ конус теплъэ къыщищтэрщ. Ар узыфэ шынагъуэщ, е екIуэу нэф уищIынкIэ хъунущ. Ар къызыхэкIыр щIэныгъэм зэкIэ къихутакъым, ауэ абы узэреIэзэ хъу линзэхэр (склеральнэ) къэунэхуащи, е едмыгъэакIуэу нэ зэблэплъми абыи линзэкIэ доIэзэ. Нэпсым теухуауэ. Сабийр ныбэ щилъым и деж нэпс зрикIуэ къуэпсым Iулъщ ар зэхуззыщI фэ пIащIэ. Дунейм къытехьам япэу жьы зэрыжьэдишэу а фэ пIащIэм нэпсыр къиутIыпщын хуейщ. Апхуэдэу къэмыхъумэ хущхъуэкIэ ягъэхъуж.

***М.: – Фи IуэхущIапIэм къекIуалIэ цIыхухэм еIэзапщIэ щIат, пщIэншэу сымаджэхэм фыщеIэзэ щыIэ?***

***Р.:*** – Гъэ къэсыху (11.04.–09.05.) Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм я нэхэм доIэзэри нэгъуджэхэр саугъэту ядот. Сабийхэм я махуэшхуэми (01.06.) пщIэншэу доIэзэ. Академик Фёдоровыр къыщалъхуа мы дызэрыт мазэм и 8-м, гъэ къэси хуэдэу, «Прекрасные глаза – каждому» зыфIэтща Iуэху щхьэпэр екIуэкIынущ. А махуэм цIыху 200–250 хуэдизым пщIэншэу деIэзэфынущ.

ЩIэныгъэмкIэ министерствэм и лъэIукIэ сабий садхэм дадолажьэ, зи нэ сэкъат иIэхэр пасэу къыдохутэ, адэ-анэхэм я нэIэ абы тетын папщIэ. Зи бзэ къимыутIыпща сабийм сыт и лажьэми езым къыгурыIуэжкъым.

Адэ-анэм ящIэн хуейщ сабийр здашэ сымаджэщым лэжьэну хуит зыщI лицензэ, я сайт яIэрэ ямыIэрэ; зэгурыIуэныгъэ къыуащIылIэрэ къыуамыщIылIэрэ; абы къалэн ящищIымрэ уэ хуитыныгъэу къыуитымрэ. А хабзэхэм языхэз ямыIэмэ е ямыгъэзащIэмэ, а сымаджэщым дзыхь яхуэпщI хъунукъым!

***Адэ-анэхэ, фи сабийхэм гулъытэ нэхъыбэ лъывгъэсмэщ ахэр хъума щыхъунур!***

# Нэхэр сыту зэмыщхьрэ!

лама



махъшэ бацэ

каракатица



хьэмлашкIуэ (моллюск)

геккон



шындырхъуо

деревенская лягушка



пхъафэзекIуэ
хьэндыркъуакъуэ

акула



аргъеижь

голубь



тхьэрыкъуэ

пингвин



тенджызбзу

колючий скат



бдзэжьей банэ
(морская лисица)

# НЭМ И ЗЭХЭЛЪЫКІЭР ЗЫДОГЪАЩІЭ

1. Нэвагъуэ – нэкугъуэм и кум хуэзэу иІэ нэху ихьэпІэ (зрачок).

2. Нэджыдж – нэм и гупэм узэпхрыплъу телъ фэпс (роговица).

3. Нэкугъуэ – нэм и плъыфэр къызэрыпщІэ хъурейр (радужная оболочка).

4. Абджынэ – нэхужьыбэм и щІыІуу нэхур зэзыхъуэкІыр (хрусталик).

5. Нэкупсэ – нэ кІуэцІым иІэ фэ пІащІэ (сетчатка).

6. Нэку къуэпс (сосудистая оболочка).

7. Нэм и псантхуэ (зрительный нерв).

8. Нэ къуэпсхэр – нэм екІуалІэ лъынтхуэхэр (глазные сосуды).

9. Нэ лыджанэ (глазная мышца).

10. Нэхужьыбэ – нэкугъуэр зытет хужьыр (белок).

11. Нэджащіэ – нэку (глазное дно).

12. Нэджэдыкіэ – нэр зэрыхъурейуэ (глазное яблоко).

Нэм и зэхэлъыкІэр




Нэхур зэрыпхрыкІыр



# НЭМ

Нэм кІыфІыр фІыуэ имылъагъу.
Нэм кІыфІу зыри имылъагъу.
КІыфІыгъэм фІыцІэу нэр ирелэ,
КІыфІыгъэм плъыфэу зы имылэ.

Нэвагъуэм нэхур ныжьэхопсэ,
Нэм и хужьыбэм нэхур топсэ.
Абджынэ гъуджэм ар пхырокІ,
Абджынэм нэхур зэрехъуэкІ.

Нэкупсэм нэхур зэрегъакІуэ,
Нэ къуэпсхэм нэхур щхьэм
ягъакІуэ.
Абдеж сэфэтхэр къыщоунэху,
Абдеж дунейри щохъур нэху!

# НАПЭМ И ЗЭХЭЛЪЫКІЭР




## Нэм ехьэлlауэ сыт уэ пщlэр?

1. Нэбажэкlэ зэджэ бзур дэтхэнэра? Ар адыгэм ягъасэ, ирощакlуэ. Абы и нэр жанщ, жыжьэ маплъэ.
2. Хым тет хъунщlакlуэхэм (пиратхэм) я нэ лъэныкъуэр щlыщапхыкlыр сытыт?
3. Цlыхум нэбжьыцу 150 хуэдиз тетщ. Абы сыт нэм хуащlэр?
4. Нэпсым сыт нэм хуищlэр?
5. Сабий псори нащхъуэу къалъху. Абы я нэ плъыфэм зыщихъуэжыр сыт ныбжьыра?
6. Кальмарым нэхъ нэшхуэ дунейм теткъым. Ар икlи нэхъ губзыгъэ дыдэу псым хэсхэм ящыщщ. Абы и нэм и инагъыр дапхуэдиз? Гууэ дапщэ иlэ?
7. Хьэхэмрэ джэдухэмрэ плъыфэ псори ялъагъурэ? Нэр нэхъыфlу щыплъэр нэхум и деж хьэмэрэ щыкlыфlыра?
8. Бдзэжьейр щхьэ нэшхуэ? Абы и нэм дапхуэдэу хьэпшыпхэр илъагъурэ?
9. Цlыхумрэ бзумрэ плъыфэ нэхъыбэ зылъагъур дэтхэнэра?

(Журналым и кlэух напэкlуэцlым жэуапхэр итщ).

Зыгъэхьэзырар: АБРОКЪУЭ Беллэ, ЕЗАУЭ Мадинэ

# Къуажэхьхэр

1. ЗэтIолъхуэныкъуэу зэкъуэшитI
ТотIысхьэ пэбгым шууэ,
ТхьэкIумэм лъабэхэр хуаший
КъыпфIэщIу зэраншууэ.
(нэгъуджэ)

2. Къан хъыджэбзитI зэлъэпагъущ.
(набдзэ)

3. Хьэ къаритI зэгъунэгъущ.
(нэ)

4. Жэщ зэрыхъуу ахэм зызэхуащI,
Нэху зэрыщу ахэм зызэIуах.
(напIэ)

5. Гуэл хъуреягъым къамыл къыщокI.
(нэрэ нэбжьыцрэ)

# Псалъэжьхэмрэ жыIэгъуэхэмрэ

1. Нэм илъагъу Iэм ещIэж.
2. Нэм и пэ псэр ихуэ.
3. НитIрэ пэт зэхуэдэкъым.
5. Нэм фIэдахэр псэм фIэIэфIщ.

## Псалъафэ зэрыубыдахэм (идиомэхэм) къарыкIыр къафщIэ, пыфтхэж

И нэфI щыхуащ

Нэ тригъэхуащ

НэкIэ мэпыджэ

И нэр хузэрегъэдзэкI

Нэр пIэпех

НэкIэ ешх

Нэ лейкIэ йоплъ

И нэ къыхуокI,
Нэ ирищащ

И нэхужьыбэр
къыщIегъэплъ

И нэм къыфIэнащ

И нэр мэлыд

И нэр къуолэл

И нэр зэблегъэж

Нэ джабэкIэ мауэ

И нэвагъуэр ирегъэлъэгъуж

*ЕЗАУЭ Мадинэ*

А Б В Г Д Е Ё Ж З И Й К Л М Н О П Р С Т У Ф Х Ц Ч Ш Щ Ъ Ы Ь Э Ю Я

# ІЭПЭРЫГЪУАЗЭР ГУРЫГЪУАЗЭКІЭ КЪЫИГУПСЫСАЩ







**Илъэс 20 и ныбжьу *БРАЙЛЬ Луи* зи нэ имылъагъухэм папщІэ Іэпэрыгъуазэ еджэкІэ къыигупсысащ. А ІэмалымкІэ нобэ зи нэ сэкъат иІэхэр тхылъ йоджэф, компьютерым иролажьэ, макъамэ ятх. Брайль и алыфбейр иджыпсту дуней псом къыщагъэсэбэп.**

Дуней псом цІэрыІуэ щыхъуа цІыхухэм яхэтщ зи нэм имылъагъухэр. Нэфхэм дуней щхьэхуэ гуэр зыхащІэ, я гупсысэкІэри адрейхэм къащхьэщыкІ мэхъу. И нэм сэкъат игъуэта нэужь, ІэмалыншагъэкІэ и гурыхуагъэм нэхъри хэхъуат француз щІэныгъэлІ Брайль Луи. БыниплІым я нэхъыщІэ цІыкІу Людовик гъэфІэныцІэу Луи-м къытенат. И адэр ІэпщІэлъапщІэт, шы Іэпслъэпсхэм елэжьырт. Сабийм фІэфІт адэм и лъэщапІэр: фэ пытхъахуэхэр зэхуихьэсурэ епэщэщырт, ириджэгурт. Ауэ, адэм ар и закъуэу щІигъэхьэртэкъым и лъэщапІэм. Зэгуэрым, Луи зигъэпщкІущ, щІыхьэри фэ бзыхьэхуэм гъуанэ хуищІыну дыдкІэ епэщэщ пэтрэ, и нэм щІэуэжри ирищІащ. Абы щыгъуэ ар илъэсищым иту арат. Сабийм и нэр къахуегъэлакъым: е екІуащ, адрей нэми Іэпхъуащ. Илъэситхум иту щІалэ цІыкІур нэфу къэнащ. Луи цІыкІу и адэм еджэкІэ иригъэсащ мыпхуэдэ щІыкІэкІэ: хьэрфхэм я зэкІэлъыкІуэкІэм хуэкІуэу пхъэбгъум гъущІ Іунэхэр хиукІауэ, ІэпэрыгъуазэкІэ ар сабийм къригъэпщытэрт. Луи илъэсипщІым иту нэфхэм папщІэ Париж дэт институтым ягъэкІуащ. Ар псоми ятекІуэу еджэрт. «Жэщырыгъуазэ алыфбейкІэ» ирагъаджэрт сабийхэр *(ар къззыгъэсэбэпу щытар жэщкІэ хъыбар щэху зэІэпызыхын хуей хъу сэлэтхэрт).* Луи пасэу щІидзащ Іэпэрыгъуэзэным и щэхухэр къихутэу. Ар ялъагъурт зыгуэрым епэщэщу гъуэгу Іуфэхэм Іусу: папщІэ гуэрхэмкІэ тхылъымпІэпс Іувыр иугъуэну, ІэпэкІэ зэригъапщэІауэ. **Илъэс 16-м иту, Луи апхуэдизрэ зэпэщэщар къэхутэныгъэ хъуащ: точкэ 63-рэ къыщыгъэсэбэпа алыфбей! Алыфбейм лъабжьэ хуищІар дамыгъищщ. Абы бжыгъэхэр, псалъэхэр, сурэтхэр, макъамэ нотэхэр къахэпщІыкІ мэхъу: ижь-сэмэгукІэ уотхэкІ, къызогъэдзэкІри, сэмэгумкІэ укъыщоджэ.** Луи Брайль и Іэпэрытхэр компьютерым ирагъэзэгъащ.

Францием, Лувр къалэм Брайль и сабиигъуэр щигъэкІуа и унэр музей ящІыжащ. Абы хузэфІэкІащ нэфхэм я нэр «къигъэплъэжыну»!

*ГУГЪУЭТ Заремэ*

# ЩIЫПIЭ ДАХЭХЭМ ЗЫЩЫТПЛЪЫХЬУРЭ ДОДЖЭГУ!

START





Сосрыкъуэ Къызыл Iуащхьэм тетщ (Налшык)

Шэджэм псыкъелъэхэм ящыщ зы (Шэджэм)





Зы нэ блэгъэху, шэджагъуашхэ щIы



Ди щIыпIэм и дахапIэ Iуащхьэмахуэ (Терскол)

Машинэкlэ нэхъ щlэх унэсынщ




Парадромкӏэ ипэкӏэ уолъатэ (Шэджэм Эльтюбю къу.)
Къуршхэм ущыгъуэщащ. Зы нэкӏэ гъэзэж
Зэ кӏуэгъуэ блэгъэкӏ. Сурэт тех
Шэдхъурей лъащӏэншэр сыту дахэ! (Къармэхьэблэ)
Зич! Епӏэщӏэкӏ. Утокӏуэ
FINISH
ХЬЭЛИЛЭ Миланэ

# НЭР ЗЫГЪЭГУФIЭР СЫТ?

Фэ фщIэрэ фи нэм плъыфэ гъуабжэхэр зэражагъуэр?
Абы яфIэфIыр щхъуэкIэплъыкIэхэращ.
Нэр зыгъэгуфIэ плъыфэхэр-щэ?
Ахэр: плъыжь, гъуэжь, къэбыфэ, шакъафэ.
Фэ псоми лэгъупыкъур щIыффIэдахэри аращ.

"ЛЭГЪУПЫКЪУ ШХЭКIЭ"



**Нэр сымаджэ хъунущ:**

планшет, телефонхэмкIэ куэдрэ уджэгумэ

телевизорым 2,5 м нэхърэ нэхъ гъунэгъуу уеплъмэ

дыгъэ гуащIэм нэгъуджэншэу ухэтмэ

машинэ унсу тхылъ уеджэмэ

нэгъуджэншэу компьютерым убгъэдэсмэ

Iэ фIейкIэ ущIэIуэтыхьмэ

ЗумытхьэщIмэ

уэздыгъэр кIыфIу утхэмэ е уеджэмэ



ХЪУЭКIУЭН Фатимэ



# БЖЭМЫШХ ТЕАТР

Театр цIыкIу зэхэбгъэувэу бжэмышхкIэ уджэгу хъунущ. Бжэмышх гуащэхэр зэхуэмыдэу пхуапэу хэт гуфIэу, хэт губжьу, хэт дыхьэшхыу, хэт нэщхъейуэ бгъэджэгуну Iэмал уиIэщ.

***УЗЫХУЕИНУР:***

Пластик бжэмышх, лэныстэ, шхэпс, нэ трагъапщIэ цIыкIухэр, маркер, псыгъуэу зэпыгъэжа тхылъымпIэ Iуданэхэр, щыгъэ, тхылъымпIэ Iув.









- Бжэмышхым и щIыбагъ лъэныкъуэм нитI тегъапщIэ *(сур 1)*. Гуащэхэм пэ, жьэ яхуэтх *(сур. 2)*.
- ТхылъымпIэр кусэ Iуданэурэ зэпыгъэж. ЩIалэм ейр нэхъ кIэщIу, хъыджэбзым ейр нэхъ кIыхьу щIы. Кусэхэм я кум Iуданэ къешэкI. Щхьэц хьэзырыр бжэмышхым и щхьэ дыдэм тегъапщIэ *(сур. 3, 4)*.
- ТхылъымпIэ Iувым щыгъын къыхэгъэж, узэрыхуейм хуэдэу гъэщIэращIи, ари бжэмышхым тегъапщIэ. Гуащэ цIыкIухэр хьэзырщ *(сур. 5)*.

*Мис апхуэдэу бжэмышх театр гъэхьэзыри «Нурым» и пощтым къегъэхь:*
*nur.kbrl982@yandex.ru.*

**КЪАШЫРГЪЭ Фатимэ**



# Нэзегъаплъэ махуэгъэпс

АБРОКЪУЭ Беллэ



### Блыщхьэ

Дыгъэр къуэсщи мо къурш джабэм,
БзийкIэ елэ пшэ хужь хьэбэр.
Уафэм къохри, къокIуэ Iэбэм,
Iэбэм йохри макIуэ лъабэм.

Лъабэм, Iэбэм нэр еплъамэ
Хьэбэм, джабэм ягъэзэж.
Джабэм, хьэбэм нэр еплъамэ –
Iэбэм, лъабэм къагъэзэж.



### Гъубж

Блын сыхьэту тIыркъэ-сыркъэр
ГъубжкIэ мэхъур си тхьэгъуш*.
Ар си пщIыхьым ныхотIыркъэ:
«НакIуэ-сыкIуэ тщIынщ. Къэуш!»

Ижь-сэмэгумкIэ зэм соплъэ,
Сэмэгу-ижькIэ соплъэкIыж,
АпщIондэхукIэ собжэ, собжэ,
Сыдобжей, сыкъобжыхыж.

***Тхьэгъуш** – хъыбарегъащIэ зу макъ (звонок).



### Бэрэжьей

Бэрэжьейуэ жьажьэр
Дэкуу къызогъапцIэ,
Сыкъыхуэмыушу
НитIыр щIызоукъуанцIэ.

ПщIым нэсыхукIэ собжэ,
Нэр зэтызохыж.
Аргуэрыжьу собжэ,
«ЖьгъумпI» соуфIынцIыж.





### Махуэку

Си Iэпэр уафэ нэзым
Хуэсшийуэ жыжьэ соплъэ,
Си нитIыр тезмыгъэкIыу
Iэр си пэм хузохьыж.

ПэнцIывым сызэреплъу
Си плъэкIэр мэхъур назэ.
Си нитIым загъэнщIыжу
Жан хъуауэ къыщIедзыж.



## Мэрем

Унэм бадзэ къыщIолъатэ,
Бадзэм щхьэхьу къелъэтыхь.
Къытезмыхыу си нэр бадзэм,
Сэри ар зэпызоплъыхь.

Бадзэр вууэ мэуфэразэ,
СигъэбампIэу сыкъефыхь.
НитIыр бадзэм доуфэразэ,
Ар хъурейуэ зэпеплъыхь.



## Щэбэт

Ди унэ блынджабиплIыр
Чэзууэ къызоплъыхь,
Зы къуапэм сыдоплъейри
Адрейм зэм сыхуоплъых:

«Ищхьэ къуапэм бэджыжь дэс?
ИщIагъ къуагъым дзыгъуэ къуэс?
Адрей къуапэм тес бадзэшхуэ?
Бжэ къуагъ лъэгум – джэдуущхъуэ?»

## Тхьэмахуэ

Ирикъуу нитIыр согъэжей,
Къыщысхуу сымыгъэгужьей,
Заплъыхьу ахэр езмыгъэш,
Сыхьэтри нобэ мытхьэгъуш.

ХьэуакIэ нитIыр згъэбэуэнщ,
ЗыгъэпсэхуакIуэ дэ дыкIуэнщ.
Тхьэмахуэм си нэхэр согъафIэ,
Тхьэмахуэм сэри сыкъегъафIэ.






# НЭКЪЭГЪАПЦIЭ СУРЭТХЭР

Нэм нэхъ дахи, нэхъ кууи нэхъ узыIэпызыши цIыхум иIэкъым. СурэтыщIхэм абы и сурэт ящI пэтми загъэнщIыркъым: хэти нэ гущIэм дунейр ирелъагъуэ, хэти абыкIэ езы гъащIэр зэIуещэ, хэт абы ироджэгу, къигъапцIэу.

«НэгъапцIэхэм» ящыщщ ***Роберт Гонсалвес*** сурэтыщI хьэлэмэтыр, «мэгъу дуней» дэзыгъэлъагъур.

***Рене Магритт*** нэкъыфIэщI философием хуэIэзэ сурэтыщI цIэрыIуэщ. Абы и дамыгъэхэр къуажэхь хуэдэу зэхегъэувэ, уи гупсысэр жыжьэ ирашажьэу.

***Эшер Мауриц*** сурэтыщI щэджащэу ялъытэ. Абы «нэуфIыцIщхьэрыуэ» пфIэщIу зэхигъэувэ дамыгъэхэр я купщIэкIи я къэIуэтэкIэкIи апхуэдизкIэ зэгъэкIуащи, удамыхьэхынкIэ Iэмал иIэкъым.



*Роберт Гонсалвес*



*Эшер Мауриц*



*Рене Магритт*

## ПСЭУЩХЬЭХЭР

**Дунейм зыхагъэпшахъуэ.
Загъэпщкlуу хозэрыхь.
Уеплъамэ умылъагъуу
Зыхэтым хошэпсыхь.**






## НЭМ ЕХЬЭЛIА УПЩIЭХЭМ Я ЖЭУАПХЭР

1. Нэбажэ – къашыргъэ лъэпкъым щыщ бзу (сокол).

2. Нэ щыпхам щыкIыфIым и деж нэхъыфIу елъагъу, нэ щымыпхам – нэхум и деж.

3. Нэм сабэ, фIей ямыгъакIуэу яхъумэ.

4. Нэр егъэкъабзэ, шхий цIыкIу нэм щIэхуамэ къыщIехыж.

5. Илъэсих ныбжьым сабиинэм и плъыфэр егъуэтыж.

6. Кальмарым и нэм 30–40 см и инагъщ. Абы гууэ щы иIэщ.

7. Хьэмрэ джэдумрэ я нэм плъыфэ зыкъомыр зэхащIыкIкъым, абы кIыфIым фIы дыдэу халъэгъукI.

8. Нэхум хэт ультрафиолетыр и нэм къеубыд икIи къэзыухъуреихь хьэпшыпхэр гъэинауэ елъагъу. Арагъэнщ абы и нитIыр къижу къыщIыпщыхъур.

9. Плъыфэ нэхъыбэ зылъагъур бзуращ.

**КЪАМБОТ Марианнэ**

# ПСЭУЩХЬЭХЭМ Я НЭХЭР ЗЭЩХЬЭЩОКI. АХЭР ИВГЪЭУВЭЖ




*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается
С 1 января 1982 года
**№ 8 2021 г.**

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
*Б. М. АБРОКОВА*

Художественный редактор
*М. ХАЛИЛОВА*

Компьютерная вёрстка
*Н. РАСТОРГУЕВОЙ*

Корректор
*Ф. КАШИРГОВА*

Редакционный совет:
*Х. КАРМОКОВ*
*Е. ТХАМОКОВА*
*Х. ТИМИЖЕВ*
*Н. ХАТУЕВ*

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати 29.07. 2021 г.
Выход в свет 27.08. 2021 г.

Формат 60x90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, AdLibBT
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7

Тираж 1460 экз.
Заказ № 1753
Индекс П5896

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 15,19 руб.; за 6 мес.– 91,14 руб.



Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**



Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа». Дом печати.

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион», 357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.